



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEKLARE ETA IJANS NAN TOUN ETA A ANVAN TANPÈT KI TA DWE GEN ENPAK SOU VWAYAJ NAN SEZON FÈT LA JEDI SWA JISKA LENDI**

*Gwo lapli ak nèj, gwo van, inondasyon kotyè ak bò rivaj, konjelasyon rapid, van frison ki ba anpil ak pàn kouran, tout sa yo posib pandan plizyè jou k ap vini yo pandan tanpèt ivè a ap deplase atravè Eta New York*

*Apati 6 a.m. nan vandredi — Entèdiksyon Total pou Veyikil Komèsyal sou NYS Thruway (I-90) ant Sòti 46 (Rochester, I-390) ak Fwontyè Pennsilvani, ak fèmti dousman sou Interstate yo ak Otowout Eta yo nan Lwès New York.*

*Konpayi piblik New York yo anboche yon lòt 2,200 travayè ekstèn pou entèvni nan tanpèt la; Resous ak pèsonèl yo nan Eta a pare pou yo deplwaye nan zòn ki afekte yo*

*Gouvènè Hochul mande Nouyòkè k ap vwayaje yo pou jou fèt yo pou yo kite nan jedi oswa tann jiska dimanch pou yo vwayaje, paske kondisyon wout yo atravè Eta a pral danjere nan vandredi ak samdi*

Gouvènè Kathy Hochul te deklare jodi a yon Eta Ijans pou tout Eta New York anvan yon gwo sistèm meteyo ivènal ki ta dwe pote yon melanj danje atravè eta a apati jedi swa epi kontinye jiska lendi. Gwo lapli ak nèj, gwo van, inondasyon kotyè ak bò rivaj lak ak konjelasyon rapid yo tout posib nan divès rejyon atravè eta a pandan wikenn fèt la. Anplis de sa, yo prevwa nèj efè lak la kapab afekte kèk zòn alantou Lak Erie ak Lak Ontario apati vandredi swa epi kontinye nan lendi avèk akimilasyon nèj total yo prevwa ki kapab rive nan twa pye.

"Avèk manman lanati k ap voye tout sa li genyen sou nou wikenn sa a, mwen ankouraje Nouyòkè k ap konsidere vwayaje pou jou fèt yo pou yo fè sa anvan vandredi oswa apre dimanch pou yo ka rete an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ajans nou yo byen prepare, kowòdone epi pare pou deplwaye resous ak ekipman si sa nesèsè pou entèvni nan tanpèt la. Nou vle tout Nouyòkè yo rive kote yo bezwen ale an sekirite pou selebre jou fèt yo avèk pwòch yo".

Jedi rive vandredi, yo prevwa lapli ak chit modere nèj pou pi fò nan eta a avèk kantite lapli ki kapab rive jiska twa pous posib nan kèk kote. Vandredi maten li posib pou gen

inondasyon ki modere rive wo nan kòt (1-2 pye) yo akòz lapli ak gwo van, epi inondasyon bò rivaj lak jiska twa pye pi wo pase nivo inondasyon posib nan Lak Erie ak Lak Ontario akòz lapli, nèj ki fonn ak gwo van.

Apati vandredi epi kontinye nan samdi maten, anpil pati nan eta a espere resevwa gwo van ki rive jiska 97 km pa èdtan oswa plis paske tanperati yo pral desann byen vit ak anpil, nan plis pase 35 degre nan kèk rejyon, sa ki lakòz konjelasyon rapid, frison van pi ba zewo ak kondisyon wout avèk glas. Sa pral gen enpak sou vwayaj nan vandredi maten nan Lwès New York ak vwayaj nan aswè pou rès eta a. Van vandredi ak samdi yo pral ase fò pou lakòz pye bwa yo ak fil elektrik yo tonbe.

Vandredi swa ak kontinye jiska lendi, nèj efè lak la pral afekte zòn yo otou Lak Erie ak Lak Ontario, epi yo prevwa gwo van ki ka lakòz nèj k ap soufle ak poud nèj ak vizibilite toupre zewo ak kondisyon tanpèt nèj lokalize. Zòn Buffalo ak Watertown te kapab resevwa jiska twa pye nèj jiska dimanch swa. Pi ba pase nòmal, tanperati konjele avèk van frison ki ba yo prevwa pèsiste jiska lendi pou rejyon nò yo nan Eta a.

Gouvènè Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran tout prekosyon ki nesèsè yo, si y ap vwayaje semèn sa a, epi planifye alavans pou potansyèl enpak move tan yo.

Avètisman tanpèt nèj, avètisman inondasyon kotyè, avètisman inondasyon bò rivaj, avètisman gwo van, avètisman van frèt, ak avètisman tanpèt ivè yo tout anvigè wikenn sa a atravè divès konte atravè eta a. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, avi ak konsèy atravè New York, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Meteyo Nasyonal la.

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare,** "Delè pou tanpèt sa a te chanje. Si w ap planifye vwayaje nan wikenn sa a, fè tout sa ou kapab pou vwayaje aswè a pito oswa rete tann jiska dimanch maten. Tanpri, evite vwayaje vandredi ak samdi akòz kondisyon pi fò nan eta a pral fè fas. Anplis wout ki gen danje ladan, gwo van yo ap gen anpil chans lakòz pàn kouran. Rete prepare pou posiblite pou gen blakawout".

### **Preparasyon Ajans**

#### **Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)**

Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la te kòmanse kowòdone operasyon repons Ajans Eta a yo epi te kontakte gouvènman lokal yo nan kòmansman semèn sa a anvan enpak move tan pou asire preparasyon. Sant Operasyon Ijans Eta a pral ouvri nan vandredi maten.

Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management, OEM) lan ap travay avèk Konte Erie pou prepare twonsonez ak jeneratris, epi deplwaye sak sab nan Gad Kòt Ameriken an nan Buffalo pou pwoteje kont potansyèl inondasyon nan rivaj lak la. Biwo

Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control, OFPC) gen ekipman ak pèsonèl ki disponib pou ede ak demann èd mityèl yo.

Atravè Dis Rezèv Eta a, DHSES gen atik ki kapab deplwaye sa yo pou sipòte bezwen ki gen rapò ak tanpèt la:

- 1,487 jeneratris
- 985 ponp
- 528 Twonsonez
- 250 fa limyè
- Kabann, zòrye, dra, dlo, ak MRE yo

### **Depatman Sèvis Piblik**

An preparasyon pou evènman move tan ivè nan tout eta a semèn sa a, konpayi sèvis piblik New York yo pral genyen apeprè 7,700 travayè disponib k ap angaje nan evalyasyon domaj, pwoteksyon kab, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè eta a.

- Sa enkli yon lòt 800 travayè fil kouran ak pyebwa ekstèn ke National Grid sekirize,
- 330 travayè fil kouran ekstèn ak pye bwa yo ke NYSEG ak RG&E sekirize,
- 95 travayè fil kouran ekstèn ak pye bwa ke Central Hudson sekirize,
- 150 travayè fil kouran ekstèn ak pye bwa ke Orange & Rockland sekirize ak
- 800 travayè fil kouran ekstèn ak pye bwa ke Con Edison sekirize.
- Pèsonèl DPS la pral swiv reponsm reparasyon, ak restorasyon travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi asire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

### **Depatman Transpò (Department of Transportation)**

Depatman Transpò Eta a ap siveye kondisyon metewo yo epi li pare pou li entèvni avèk 3,450 sipèvizè ak operatè. Anplis de sa, 75 manm pèsonèl ICS la disponib pou sipòte evènman sa a. Tout kote rezidansyèl ki afekte yo pral gen anplwaye 24/7 pandan tout dire evènman an. Yo ka konfigire anplwaye yo nan nenpòt ki kalite ekip entèvansyon ki nesèsè tankou nèj, glas, inondasyon, dechiktez, chajman ak transpò, koup ak lans, siyal sikilasyon, elatriye. Tout ekipman ki disponib yo pare pou deplwaye.

Depatman Transpò Eta a ap prepare pou fèmen wout sa yo nan Konte Erie pou tout trafik nan 6 a.m. nan vandredi jiskaske kondisyon yo amelyore:

- State Route 400
- State Route 219

- I-290
- I-190
- State Route 5 (Big Tree Road rive I-190)

Yon restriksyon pou kamyon "Kamyon yo Itilize Vwa Dwat" sou Interstate 81 soti nan Sòti 32 (Central Square) rive nan Sòti 51 (Alex Bay) apati midi nan vandredi.

Ekipaj rejyonal yo aktyèlman angaje nan preparasyon pou tout danje. Yo tcheke estrikti drenaj yo epi netwaye debri yo. Pou sipòte aktivite entèkansyon nan zòn kritik yo, yon total 65 anplwaye, ki gen ladan 59 operatè kamyon chari, 4 sipèvizè, 1 manadjè asistan, 1 espesyalis sipò ICS, 10 kamyon chari, 2 soufle nèj, ak 1 nivelè ap deplwaye nan Lwès New York. Yo te distribiye yo konsa:

- 3 kamyon chasnèj nan New York Santral
- 2 kamyon chasnèj, 2 soufle a nèj ak 1 nivelè nan Finger Lakes
- 4 operatè ak 2 kamyon chasnèj nan Rejyon Lwès Southern Tier
- 26 operatè, 2 sipèvizè ak 1 direktè adjwen nan rejyon Mid-Huson
- 10 operatè, 1 sipèvizè, ak 3 kamyon chasnèj nan Southern Tier
- 19 operatè ak 1 sipèvizè nan Long Island
- 1 espesyalis ICS nan Distri Kapital la

Yo pral re-evalye bezwen pou plis resous (operatè, kamyon, mekanisyen, EOI) jan kondisyon yo mande sa pandan tout dire evènman an. Depo jeneratè yo ap prepare pou deplwaman pou sipòte repons siyal sonb yo. Flòt Mekanik nan zòn ki afekte yo ap gen anplwaye nan tout lye rezidans prensipal yo 24/7 pou fè reparasyon epi mentni kamyon yo sou wout la. Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1740 kamyon chasnèj pwa lou ak pwa mwayen
- 52 remòk chasnèj
- 37 aparèy pou soufle nèj
- 338 chajè
- 13 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl
- 78 dechiktèz
- 32 kamyon siyal trafik
- 20 aparèy pou fè nivèlman
- 73 Ekskavatis

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou vwayaj ki ajou, rele 511, vizite [511NY.org](http://511NY.org) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

### **Otorite Thruway**

Anplwaye Otorite Thruway yo travay 24/24 epi yo pare pou reponn a tanpèt la avèk 678 operatè ak sipèvizè nan tout eta a. Thruway te deplase epi deplwaye lòt anplwaye ak

ekipman ki soti nan Divizyon New York ak Albany li yo pou sipòte operasyon nèj ak glas nan zòn ki kapab plis frape nan Lwès New York yo. Resous deplwaye yo enkli operatè ak sipèvizè, gwo kamyon chasnèj, ak gwo aparèy pou soufle nèj.

Apati 6 p.m. vandredi, **TOUT VEYIKIL KOMÈSYAL** yo pral entèdi sou Thruway Eta New York la (I-90) apati Sòti 46 (Rochester - I-390) rive nan fwontyè Pennsylvani, ak Niagara Thruway soti nan I-90 rive nan sòti 22 (Route 62).

Kantite ekipman ak resous ki genyen nan Thruway la repati konsa:

- 352 kamyon chasnèj pwa lou ak pwa mwayen
- 10 remòk chasnèj
- 66 chajè
- Plis pase 119,000 tòn sèl disponib

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa [imèl TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a.

## Lapolis Eta New York

Lapolis Eta a pral afekte patwouy siplemantè nan zòn ki afekte anpil nan tanpèt la. Tout veyikil touteren yo ak veyikil espesyalize yo, ki gen ladan Veyikil Touteren Sèvis Piblik ak motonèj yo, ap an sèvis.

## Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation)

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi y ap siveye sitiyasyon k ap devlope a epi y ap fè patwouy aktivman nan zòn ak enfrastrikti ki afekte pa move tan an. DEC ap kowòdone deplwaman resous ak patnè ajans yo avèk tout byen ki disponib yo pozisyon pou ede ak nenpòt repons ijans.

DEC ap konseye itilizatè nan rejyon andeyò yo pou yo konsyan ak prepare pou kondisyon ivè yo. Sekirite pou randone ak patine nan sezon fredi ak preparasyon yo trè enpòtan kèlkeswa kapasite fizik oswa destinasyon ou. Byen prepare pou kondisyon ivè yo esansyèl pou yon eksperyans ki pi agreyab ak pi an sekirite. Pandan e imedyatman apre peryòd gwo chit nèj yo, evite zòn ki ouvri, ki ekspoze tankou somè vid epi pran

anpil prekosyon lè w ap vwayaje sou oswa toupre pant ki ouvri yo. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

DEC raple sila yo ki responsab pou netwaye ak jete nèj a gwo echèl pou yo swiv pi bon pratik jesyon yo pou ede anpeche inondasyon ak redui posibilite pou gen polyan tankou sèl, sab, lwil, fatra ak lòt debri nan nèj ki afekte kalite dlo a. Eliminasyon nèj nan rivyè ak kouran dlo lokal yo ka kreye baraj glas ki ka lakòz inondasyon nan zòn ki toupre yo. Operatè pou retire nèj piblik ak prive yo ta dwe okouran de pwoblèm sekirite sa yo pandan ak apre tanpèt la. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

### **Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)**

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv deprè kondisyon metewolojik ak enpak yo. Gen sèt ekip siyè annatant pou ede retire pye bwa ak branch yo ki tonbe sou wout yo. Vizite pak yo dwe tcheke [parks.ny.gov](http://parks.ny.gov) oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyònman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

### **Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ak Canal Corporation**

Anplwaye Otorite Enèji New York la ak anplwaye Canal Corporation yo ap fè preparasyon pou asire tout enstalasyon yo, resous yo ak ekipman yo byen sekirize epi ke yo prè. Otorite Enèji a prepare pou sipòte aktivite restorasyon enèji si sa nesèsè.

### **Otorite Pòtyè a nan New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey)**

Otorite Pòtyè a ap siveye kondisyon meteyowolojik yo. Restriksyon pou vitès yo gendwa an vigè nan pon yo, ansanm ak wout pou ale ak pou sòti nan kafou yo. Yo ap ankouraje pasaje atravè enstalasyon Otorite Pòtyè yo pou kontakte konpayi otobis ak liy ayeryèn yo dirèkteman pou dènye enfòmasyon sou reta ak anilasyon. Pou dènye enfòmasyon yo sou enstalasyon Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou Alèt PA yo oswa telechaje youn nan aplikasyon mobil PA yo, ki enkli RidePATH ki bay mizajou nan tan reyèl ak alèt pou sèvis PATH.

### **Otorite Transpò Metwopoliten**

Otorite Transpò Metwopoliten ap siveye kondisyon meteyo yo deprè pou asire sèvis san danje, ki fyab. Anplwaye MTA yo ap pare pou entèvni kont tout pwoblèm ki lye ak kondisyon meteyo yo epi retire tout pye bwa ki ta ka tonbe sou wout yo.

MTA Bridges and Tunnels pral entèdi traktè-trelè ak kamyon tandem vid apati 8:00 p.m. nan jedi jiska 8:00 p.m. nan vandredi. Y ap fèmen pasaj pyeton yo ki sou Pon Cross

Bay ak Marine Parkway nan moman sa a tou; pasaj pyeton yo sou Pon RFK ak Pon Henry Hudson ka fèmen tou depann de kondisyon meteyo yo.

Kliyan yo ankouraje tcheke [new.mta.info](http://new.mta.info) pou dènye mizajou sou sèvis, ak pou itilize prekosyon pandan y ap navige sistèm lan. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA yo: MYmta ak TrainTime.

## **Konsèy sekirite**

### **Sekirite pou Deplasman nan sezon Ivè**

Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan w pran volan an, revize konsèy sekirite sa yo:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa kondui si li pa vrèman nesèsè.
- Asire w ou etire glas ak nèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen.
- Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik. Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo.
- Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo.
- Asire ou ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid, ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy komunikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou ou sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè ou tout lè ou ap vwayaje.

### **Sekirite nan Dlo Frèt**

- Fè atansyon ak van frèt - van an konbinezon ak tanperati aktyèl la - ki ka lakòz yon ogmantasyon nan pèt chalè nan kò imen an.
- Abiye kòm sadwa epi evite rete nan fredri a twò lontan.
- Mete yon chapo ak gan lè sa apwopriye ak plizyè kouch rad. Evite ekspoze initilman nenpòt pati nan kò a nan fredri a.
- Bwè anpil likid cho oswa dlo tyèd men evite kafeyin ak alkòl. Rete aktif pou kenbe chalè kò a.
- Debarase w souvan nan fredri a.
- Si siyal ipotèmi oswa jeli parèt, soti nan fredri a, chofe moun nan tou dousman epi chèche asistans medikal:
  - Jeli (Frostbite): Sentòm yo enkli pèt sansasyon, yon aparans blan oswa pal nan dwèt, zòtèy, zòrèy ak nen.
  - Ipotèmi: Sentòm yo enkli frison enkontwolab, pawòl lan, fay nan memwa, bite souvan, ak somnolans.

### **Jefò Fizik**

Gwo jefò fizik yo, tankou pèlte nèj, netwayaj debri oswa pouse yon machin, sa kapab ogmante risk pou yon atak kadyak. Swiv konsèy sa yo pou w rete an sekirite apre tanpèt la:

- Rete nan chalè, abiye avèk rad ki cho epi RALANTI lè y ap travay deyò.
- Repoze souvan pou evite twòp efò fizik.
- Si w santi doulè nan pwatrin, souf kout, oswa doulè nan machwè w k ap gaye nan bra w -- KANPE epi chèche èd imedyatman.

### **Blakawout yo**

Tanpèt ivè yo ka lakòz blakawout Revize konsèy sekirite sa yo anvan limyè yo etenn pou w konnen kisa pou w fè nan yon ijans:

- Rele founisè sèvis piblik ou a pou ou fè yo konnen pa gen kouran.
- Evite tout fil elektrik ki tonbe epi rapòte yo bay founisè sèvis piblik ou a pou reparasyon; sipoze tout liy ki tonbe yo gen kouran sou tansyon.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kenbe pòt frijidè ak frizè ou fèmèn pou anpeche manje gate. Lè nou pa si, jete manje a!
- Pa itilize gri chabon oswa jeneratris anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la, yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Etenn gwo aparèy pou anpeche domaj nan yon vag posib lè kouran an retounen-kite yon limyè ouvri pou w konnen lè kouran an retounen.

### **Chofaj Kay**

Ekipman chofaj se youn nan koz prensipal lanmò ki lye ak dife nan kay. Kenbe moun ou renmen yo an sekirite lè w suiv etap enpòtan sa yo:

- Kenbe tout konbistib yo omwen a twa pye distans ak ekipman chofaj la.
- Toujou ploge aparèy yo ki gen ladan aparèy chofaj otònòm dirèkteman nan yon priz. Pa janm ploge aparèy yo nan yon fil elektrik oswa yon kab ekstansyon.
- Asire w ke gen yon alam kont lafimen k ap fonksyone nan chak chanm, deyò zòn pou dòmi yo ak nan chak nivo lakay ou.

Pou tout bezwen sèvis ki pa ijans anvan, pandan oswa apre yon tanpèt, rele 211 oswa vizite [211nys.org](http://211nys.org).

Pou plis konsèy sou sekirite, ale sou sitwèb Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la nan [www.dhSES.ny.gov/safety](http://www.dhSES.ny.gov/safety).

###